



Pou Piblikasyon Imedya: 26/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN KAT EXCELSIOR A POU EDE AKSELERE RE-OUVÈTI BIZNIS YO AK SIT LWAZI YO TOUPATOU NAN ETA A**

***Kat digital la ofri yon fason gratis epi volontè pou pataje vaksinasyon COVID-19 oswa sityasyon tèz negatif COVID-19 an akò avèk direktiv Eta New York yo***

***Teknoloji pwouve, sekirize ki devlope an patenarya ak IBM apre siksè pilòt la***

***Kòm yon pati nan premye lansman, yo kapab itilize Kat Excelsior a lè Nouyòkè yo patisipe nan teyat, gwo estad ak teren yo, resepsyon maryaj yo, òganizasyon evènman ak lòt evènman an akò avèk direktiv Eta New York yo***

***Madison Square Garden ak Times Union Center pral aplike Kat Excelsior a; Gen lòt lokal ki pral kòmanse itilize platfòm sa a pandan pwogram nan ap elaji***

***Nouyòkè ki enterese yo ka patisipe pou yo itilize Kat Excelsior a epi aprann plis [isit la](#); Biznis ki enterese ka patisipe epi aprann plis [isit la](#)***

***Imaj Kat Excelsior yo disponib [isit la](#)***

***Inisyativ la te premye anonse nan diskou Gouvènè a sou Sityasyon Eta a an 2021***

Jodia Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman Kat Excelsior (Excelsior Pass) a - yon platfòm gratis yon fason volontè ke yo devlope an patenarya ak IBM, ki itilize teknoloji ki fè prèv yo epi ki sekirize pou konfime dènye rezilta negatif PCR oswa rezilta tèz antijèn yon moun oswa prèv vaksinasyon pou ede akselere re-ouvèti biznis ak sit evènman an yo an akò avèk direktiv Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la. Menm jan ak yon kat anbakman, moun yo ap kapab swa enprime kat yo oswa konsève li sou telefòn yo lè yo itilize Wallet app (Aplikasyon bous) Kat Excelsior a. Chak Kat pral gen yon kòd QR ki sekirize, ke biznis ak sit k ap patisipe yo ka eskane lè yo sèvi avèk yon aplikasyon ki akonpaye li pou verifye prèv rezilta tèz negatif COVID-19 oswa prèv vaksinasyon an. Yo kenbe done yon moun an sekirite epi konfidansyèl toutan.

Kòm yon pati nan premye lansman sa a, Nouyòkè k ap patisipe yo ka chwazi sèvi ak Kat Excelsior a pou verifye vaksinasyon COVID-19 yo oswa rezilta tèz negatif yo jan sa nesèsè pou yo antre nan pi gwo estad ak teren yo, resepsyon maryaj, oswa

òganizasyon ak lòt evènman ki depase limit rasanbleman sosyal la. Nouyòkè ki enterese yo ka patisipe lè yo sèvi ak Kat Excelsior a epi aprann plis isit la [isit la](#); biznis ki enterese yo ka patisipe epi aprann plis [isit la](#). Gwo sit yo te deja anonse yo pral kòmanse itilize teknoloji sa a nan semèn kap vini yo, ki gen ladan Madison Square Garden nan Vil New York apati semèn pwochen ak Times Union Center nan Albany. Apati 2 avril, Kat Excelsior pral elaji nan sit atistik, lwazi ak evènman ki pi piti yo.

"Nouyòkè yo deja pwouve ke yo ka swiv konsèy sante piblik yo poy yo re genyen batay kont COVID 19 la, epi Kat Excelsior inovan an se yon lòt zouti nan nouvo bwat zouti nou an pou konbat viris la pandan l ap pèmèt plis sektè nan ekonomi an re-ouvri san danje epi kenbe enfòmasyon pèsònèl yo an sekirite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kesyon sou 'sante piblik oswa ekonomi an' te toujou yon fo chwa — repons lan dwe tou de alafwa. Kòm plis Nouyòkè ap pran vaksen chak jou epi kòm mezi kle sante piblik yo kontinye regilyèman rive nan pousantaj ki pi ba yo nan mwa yo, premye Kat Excelsior k ap mennen nan nasyon an anonse pwochen etap re-ouvèti reflech nou an ki baze sou lasyans."

Eta New York se premye eta Ozetazini ki te lanse fòmèlman teknoloji transfòmasyon yon fason potansyèl sa a. Anvan lansman li an, yo te fè de demonstrasyon pilòt avèk siksè nan semèn ki sot pase yo, ansanm ak yon tès beta kote dè milye Nouyòkè te patisipe nan yon deplwaman teknoloji limite pou fè kmantè sou entèfas itilizatè ak rezilta yo.

Nouyòkè ki enterese yo ka telechaje Wallet app (Aplikasyon bous) Kat Excelsior a pou android [isit la](#) ak pou iOS [isit la](#). Biznis ki enterese yo ka telechaje Scanner app (Aplikasyon Scanner) Kat Excelsior a pou android [isit la](#) ak pou iOS [isit la](#).

**Steve LaFleche, Manadjè Jeneral, Mache Piblik ak Federal IBM, te deklare,** "IBM fyè pou sipòte Eta New York ak efò li yo pou aplike teknoloji ki inovan pou ede rezidan ak kominote yo reponn ak COVID-19 la. Nan chwazi yon zouti fleksib ak aksesib ki mete sekirite ak vi prive nan nwayo li, eta a ap moutre yon modèl pou rès peyi a ki jan nouvo apwòch ki pèmèt teknoloji ka ede revitalize ekonomi yo san danje pandan l ap fè efò tou pou pwoteje sante piblik la".

Kat Excelsior a bati sou [Isolisyon Kat Sante Dijital IBM nan](#) (IBM's Digital Health Pass solution) epi li fèt pou pèmèt verifikasyon enfòmasyon idantifikasyon sante yon fason ki sekirize tankou dosye rezilta tès ak dosye vaksinasyon san yo pa bezwen pataje enfòmasyon medikal ak pèsònèl ki cache. Teknoloji a fleksib epi konstui pou adapte, k ap pèmèt lòt eta yo rejwenn epi ede favorize yon tranzisyon ki pi sekirize, pi fyab pou yon reyalite apre pandemi. Yo kapab enprime kat la tou epi li konplèmantè ak lòt kalite prèv ke kliyan ka itilize, sa ki ap diminye nenpòt baryè pou itilizasyon.

Yy te mete yon anfas espesyal sou pwoteksyon vi prive yon moun. Teknoloji ki an sekirite, tankou blockchain ak kriptaj, yo entegre nan tout Kat Excelsior a pou ede pwoteje done yo, sa ki fè li verifyab epi fyab. Pa gen done sante prive ke yo estoke

oswa retrase nan aplikasyon yo. Yo ka itilize Kat Excelsior pou montre volontèman yon kòd QR kòm prèv vaksinasyon COVID-19 oswa rezilta tès negatif atravè yon bous smartphone dijital oswa enfòmasyon enprime san pataje detay sante pèsonèl ki cache.

Gen plizyè sistèm sekirite ki an plas pou asire entegrite enfòmasyon sou sante ki pèsonèl. Yo te fè Kat Excelsior a ak ekite ak aksè egal depi nan kòmansman. Avèk aksè nan plizyè lang, yon Biwo Éd solid, ak plizyè fason pou itilize Kat Excelsior a — si wi ou non ou gen yon smartphone — New York angaje nan asire ke tout Nouyòkè yo ka patisipe nan re-ouvèti ekonomi nou an an sekirite yon fason pratik ak responsab.

Seri laboratwa sa yo te angaje nan rapòte rezilta tès COVID rapid bay Sistèm Elektwonik Rapò Laboratwa Klinik (Electronic Clinical Laboratory Reporting System, ECLRS) Depatman Sante Eta, ki pral ede asire ke itilizatè Kat Excelsior yo kapab resevwa rezilta tès yo nan fenèt ki nesese nan moman anvan yon evènman: Acutis Diagnostics, Aegis Sciences Corporation, BioReference Laboratories, Boston Heart Diagnostics, Broad Institute, Cayuga Medical Center, Clarity Lab Solutions, Lenco Diagnostic Laboratories, The Mount Sinai Hospital's Center for Clinical Laboratories, Northwell Health, Rapid Reliable Testing ak UR Medicine Labs. Eta a ap kontinye travay avèk lòt laboratwa ak sit ki fè tès rapid pou elaji lis patnè sa a ak akselere rapò a pou itilizatè yo gen rezilta alè, egzat pou patisipe nan rasanble aktivite ekonomik ak sosyal.

**James Dolan, Prezidan Egzekitif, MSG Sports ak Prezidan Egzekitif ak PDG, MSG Entertainment, te deklare,** "Nou rekonesan paske eta a konsantre sou fè tout sa ki posib pou re-ouvri biznis atravè rejyon nou an san danje epi byen vit. Kat Excelsior a pral jwe yon wòl enpòtan nan pèmèt moun yo rasanble san danje, ki pral enpòtan pou rekipèrasyon New York la. Nou te fyè dèske nou te fè pati pilòt Kat Excelsior a epi nou te espere patisipe nan pwogram nan".

**Bob Belber, Jesyonè Jeneral, Times Union Center a, te deklare,** "Times Union Center a pa ka tann pou li sèvi avèk platfòm sa a ak fè teknoloji ekselan sa a disponib pou evènman alavni yo. Avèk konfòmite Kat Excelsior a, patisipan yo pral kapab fasilman jwenn aksè ak tèren yo pandan y ap fè pwomosyon pou sante piblik lè yo montre prèv vaksinasyon oswa prèv rezilta tès negatif sou yon aparèy mobil. Sa a pral yon faktè ki chanje jwèt la pou pwosesis re-ouvèti kontinyèl lokal nou an ak pou Nouyòkè yo nan Rejyon Kapital la ak odela".

**James Wester, Direktè Rechèch, IDC Worldwide Blockchain Strategies, te deklare,** "Nou gen chans gen teknoloji ki ka jwe yon wòl nan sekirize ak otantifye vaksinasyon ak kondisyon sante, pandan l ap mete moun yo kontwole kisa, ki kote ak ki lè yo pataje done yo. Genyen opinyon sou fason nou sèvi kòm volontè nan kondisyon sante nou pral finalman ede nou tout retounen nan nòmal pi vit".

**Kathryn Wylde, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitiv Jeneral pou Partnership for New York City, te deklare,** "Kominote biznis la anvi fè mendèv vil nou an retounen nan travay yo, pou re-ouvri san danje sit lwazi ak restoran yo, ak plis ankò. Kat

Excelsior a se yon nouvo zouti enteresan ki pral akselere rekiperasyon ekonomik eta nou an. Se prèw ki montre apwòch reflechi New York la nan retabli travay ak ale odela pandemi an".

**Jen Lyon, Fondatè NY Independent Venue Association (NYIVA) ak Pwopriyetè MeanRed Productions, te deklare,** "NYIVA kontan anpil paske New York ap trase chemen nan kreye solisyon pou jwenn fason pou ouvri sit nou yo ak kenbe odyans nou an sekirite. Se deja yon ane fèmti ki long e nou gen anpil nan travay devan nou jiskaske nou retounen Eta New York nan atiza ak kilti Mèk ke nou toujou ye a. Nou pa ka rete tann pou kontinye travay men nan men ak ekip re-ouvèti Gouvènè a pou bay manm nou yo zouti ak sipò yo bezwen pou revay sektè atizay ak kilti nou an lavi".

**Mark Dorr, Prezidan, Asosyasyon Ospitalite & Touris Eta New York (New York State Hospitality & Tourism Association), te deklare,** "Kat Excelsior a se yon gwo egzanzp sou kalite reflkesyon inovan, k ap panse pou lavni ke endistri touris la bezwen pou retounen nan travay yon fason san danje pandan nap sòti anba kriz COVID la. Aplikasyon san parèy eta pral fè li pi fasil pou manm nou yo òganize evènman san danje dapre konsèy eta a epi nou ap tann ak enpasyans pou mete li o sèvis manm ak envite nou yo".

**Bob Provost, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Asosyasyon Endistri Touris Eta New York (New York State Tourism Industry Association, NYSTIA), te deklare,** "Kat Excelsior Eta New York la pral yon avantaj inestimab pou endistri touris la ak konsomatè yo. Li pral asire presizyon nan verifikasyon tès ak sitiasyon vaksinasyon pandan l ap rasyonnalize pwosesis la pou sit yo ak ofri plis konfòtabilite ak sekirite bay piblik la. Tout moun genyen! Felisitasyon pou Eta New York paske yo deja mete yon lòt estanda an lò nan sa ki gen pou wè ak pi bon pratik".

**Melissa Fleischut, Direktris Egzekitif Jeneral, Asosyasyon Restoran Eta New York (New York State Restaurant Association) la, te deklare,** "Li enpòtan pou fè ekonomi an re-ouvri konplètman epi aplikasyon an se yon zouti enpòtan ki ka ede fè sa reyalize. Manm nou yo sipòte nenpòt efò tankou sa a pou asire re-ouvèti ekonomi an an yon fason danje epi solid".

**Scott Wexler, Direktè Egzekitif Restoran Empire State & Asosyasyon Tavern (Empire State Restaurant & Tavern Association) lan, te deklare,** "Inisyativ Kat Excelsior a se yon etap enpòtan pou estabilize endistri ospitalite Eta a. Li pral bay kliyan nou yo yon zouti pou ede kenbe yo an sekirite pandan y ap retounen nan aktivite atistik, kiltirèl, espòtif, ak lòt aktivite sosyal ki fè New York yon gwo kote pou viv, travay, ak jwe".

**Sean Willcoxon, Vis Prezidan Catering, Mazzone Hospitality a, te deklare,** "Kat Excelsior a se yon zouti enteresan ki ofri yon fason ki sekirize epi efikas pou verifeye dosye vaksinasyon ak dosye tès yo, sa k ap ede founisè tankou Mazzone Hospitality òganize evènman yo san danje. Re-ouvèti an sekirite Eta a ak liberasyon zouti sa a

pral yon gwo èd pandan n ap ouvri pòt nou epi akeyi envite yo epi nou rekonesan pou sipò inovatan Eta New York la".

**Ofisye Ekspwatasyon an Chèf SUNY an, Beth Berlin, te deklare,** "Sa fè plis pase yon lane depi nou te gen premye ka COVID-19 nan Eta New York, epi etidyan nou yo, pwofesè yo, ak anplwaye yo — ak kominote nou sèvi yo — deja fè anpil bagay pou ede konbat viris sa a. Kòm nou tout rete dilijan pou pwoteje youn ak lòt, Kat Excelsior inovan an ak lòt zouti pral ede nou rekòmanse plis evènman an pèsòn san danje, ki pral ede akselere retou ekonomi nou an ak nan tan ki pi nòmal ankò".

**Vis Chanselye Egzekitif ak Ofisye Ekspwatasyon an Chèf CUNY an, Hector Batista, te deklare,** "Kat Excelsior Pass ap ofri kominote nou an yon fason pratik pou verifye dosye vaksinasyon ak tès yo, sa k ap ede CUNY rekòmanse evènman yo san danje an akò ak konsèy Eta a. Aplikasyon eta sa a pral yon zouti enpòtan pandan re-ouvèti an sekirite Eta nou an ap kontinye avanse e nou rekonesan pou sipò inovan Eta New York la".

**Steven M. Cohen, Ko-Prezidan Konsèy Konsiltatif pou Re-ouvèti New York ak Prezidan Konsèy Administrasyon Devlopman Empire State la, te deklare,** "Pandan nap kontinye sou chemen yon rekiperasyon ekonomik san danje epi entelijan, Kat Excelsior a se yon nouvo platfòm pyonye ki pral ede Nouyòkè yo retounen nan aktivite yo renmen yo. Teknoloji sekirize, inovan epi ki fasil pou itilize sa a pral sipòte rezidan ak biznis New York parèy yo toupatou nan eta a epi trase yon egzanp pou tout nasyon an swiv".

**Prezidan ak Direktè Ekzekitif Jeneral MTA an Patrick J. Foye te deklare,** "Nouyòkè yo ak touris yo ap kòmanse retounen nan travay ak evènman sosyal nan tout rejyon an gwo efektif epi MTA pa janm te ka prepare plis pase sa pou sèvi yo. Pandan ane ki sot pase a, anplwaye ewoyik devan liy nou yo te travay san rete pou transpòte travayè ewoyik yo ki devan liy lan nan vil la. Nou te deja mentni sekirite ak pwòpte nan tren, otobis, ak nan ray tren pasaje nou yo. MTA a rete pi bon fason pou deplase nan New York e nou fyè pou nou sèvi rejyon an pandan l ap revitalize li gradyèlman epi san danje apre pandemi an".

Dènyèman Gouvènè Cuomo te anonse tou ekspansyon [Pwogram Tès Rapid New York Forward](#) (New York Forward Rapid Test Program) pou ede biznis yo, òganizasyon evènman yo, jwèt espò pwofesyonèl avèk fanatik yo, ak sit evènman, atistik, ak lwazi yo pou yo re-ouvri san danje, epi gen plizyè douzèn sit ki deja ouvri kounye a nan tout eta a. Patenarya piblik-prive inik sa fè tès rapid a ba pri plis disponib pou piblik la pou sipòte aktivite ekonomik amelyore pandan Eta a kontinye ap re-ouvri sektè nan ekonomi an. Tout founisè tès k ap patisipe yo deja angaje yo pou yo rapòte rezilta tès COVID-19 yo rapid bay ECLRS, sa k ap pèmèt entegrasyon ak Kat Excelsior a. Ou kapab aprann plis sou pwogram lan epi epi pran yon randevou [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)